

# Resous Gratis sou Entènèt pou Elèv k'ap Aprann Lang Angle (ELLs)

Gwoup ki sible	Sitweb	Deskripsyon
K - 8	Funbrain <a href="http://www.funbrain.com">http://www.funbrain.com</a>	Funbrain, yon sit, ki kreye pou elèv k'ap fè klas preskolè rive 8tyèm anne (grade), ofri plis pase 100 jwèt amizan, entèaktif, ki va devlope abilte ak ladrès nan matematik, lekti ak literasi.
K - 12	Activities for ESL Students – Aktivite pou ESL Elèv <a href="http://a4esl.org">http://a4esl.org</a>	Plizyè milye quizzes, tès, egzèsis ak jwèt pasyans pou ede elèv-yo aprann lang Angle kòm yon dezyèm lang. Plis pase 50 lang reprezante.
K - 2	Learning Chocolate <a href="http://www.learningchocolate.com">www.learningchocolate.com</a>	Aprann mo vokabilè – itilize foto ak imaj nan senk lang diferan.
K - 12	Free Reading – Lekti Gratis <a href="http://freereading.net">http://freereading.net</a>	Paran ka telechaje (download) lesoun yo. Gen liv ki disponib pou elèv-yo ka li.
K - 2	Literacy Center – Sant Literasi <a href="http://www.literacycenter.net">www.literacycenter.net</a>	<i>The Literacy Center Education Network</i> – Sant literasi rezo edikatif pwopozé espèryans edikatif esepsyonnèl pou timoun piti nan bi devlope konesans-yo. Sit-la gen jwèt literasi ak aktivite gratis.
K - 12	Colorin Colorado <a href="http://www.colorincolorado.org">www.colorincolorado.org</a>	Colorin Colorado se yon sit dedye pou edikatè ansann ak fanmi ki pale Espayòl ak pitit-yo ki ap aprann lang angle (sig angle ELLs). Sit-la chaje ak enfòmasyon, konséy ak aktivite.
K - 12	English Page <a href="http://www.englishpage.com">www.englishpage.com</a>	Aprann lang Angle avèk lesoun esplikatif (titoryèl-tutorials) ki gen plizyè douzenn egzèsis entèaktif. Chak semenn, sit-la ofri lesoun, mo pou devlope vokabilè, atik, mini-titoryèl, lekti nan sal lekti, jwèt ak fowòm kote elèv-yo pataje lide ak pwenndvi.
K - 12	Teaching Books <a href="http://www.teachingbooks.net">www.teachingbooks.net</a>	Teaching Books se yon sitweb ki fasil pou itilize. Sit-la ajoute dimansyon miltimedya nan bi fasilité espèryans lekti liv timoun ak liv adolesan. Plizyè milye resous enkli liv fiksyon ak non fiksyon, ki itilize nan anviwonnan klas K-12; chak resous ki seleksyonne va entegre miltimedya nan liv otè-yo, nan materyèl lekti pou aktivite lekti ak aktivite ki fèt nan bibliyotèk.
K - 12	Picture Dictionary <a href="http://www.pdictionary.com">www.pdictionary.com</a>	Sit-la gen diksyonnè ki prezante nan senk lang mo akonpaye ak foto epi imaj.
3-12	ESL Cyber Listening Lab <a href="http://www.esl-lab.com">www.esl-lab.com</a>	Konvèrsasyon ki anrejistre avèk kesyon repsons. Chak jou, elèv-yo kapab itilize-yo pou koute konvèrsasyon nan bi amelyore konprenasyon epitou pratike.
K - 12	Cookie <a href="http://www.cookie.com">www.cookie.com</a>	Spesyalis nan kesyon timoun ak edikatè kreye jwèt aprantisaj gratis. Fé rechêch selon gwoup menm laj oswa matyé. Aprenan nan lekti nivo debitnan ka gade videyo epi pratike lekti.
K - 12	ABCYA.com <a href="https://www.abcyacom/">https://www.abcyacom/</a>	Pwofesé lekòl kreye jwèt ak aktivite edikatif, ki gratis. Aktivite nan matematik ak angle koresponn a nivo klas elèv-yo ap fè.
1 - 8	Fun English Games for ESL- Jwèt amizan ann angle pou elèv ESL <a href="http://www.funenglishgames.com/activities.html">http://www.funenglishgames.com/activities.html</a>	Plizyè aktivite ESL, gratis, pou timoun. Pwofesè-yo va jwenn lide amizan ki kouvri aktivite lekti, ekriti, koute, pale, gramè, konvèrsasyon ak piplis ankò.
Paran ak K - 4	Online Free Spanish Aprann lang espayòl an liy, gratis <a href="https://www.onlinefreespanish.com/">https://www.onlinefreespanish.com/</a>	Sit-sa ofri gratis nosyon debaz ki entwodi w a lang Espayol. Gen anpil jwèt, lesoun, enfòmasyon, ak resous. Tousa va fè ou pale lang la trè vit, san pèdi tan! Divès aktivite ESL gratis, disponib pou timoun; pou fè klas-la enteresan, pwofesè angle ka jwenn anpil lide ki kouvri lekti, koute, pale, gramè, konvèrsasyon ak piplis ankò.

Gwoup ki sible	Sitweb	Deskripsyon
Paran ak 3 - 12	Project Gutenberg <a href="https://www.gutenberg.org/">https://www.gutenberg.org/</a>	Project Gutenberg ofri plis pase 58,000 liv elektwonnik (eBooks) gratis. Chwazi pamí epub ak Kindle eBooks, telechaje-yo oswa fè lekti liv-yo anliy. Gen èv literè gran ekriven nan lemond, èv ki disponib pou kontantman ak edikasyon ou. Frè oswa enskripsiyon gratis.
Paran ak 3 - 12	NYU Steinhardt (Bilingual Content Glossaries) <a href="https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/resource/glossaries">https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/resource/glossaries</a>	Glosè bileng, gen omwens 10 lang ki pi itilize, repati selon matyè ki etidye: Matematik, Syans. Syans Sosyal, ak selon nivo enstriksyon. Elèv-yo ka itilize resous-sa-yo diran tan enstriksyon ak diran tès.
Paran	Bilingual/ESOL Department <a href="http://bilingual-esol.browardschools.com">http://bilingual-esol.browardschools.com</a>	Yon sitweb ki dedye pou paran bileng. Pitit-yo dwe frekante lekòl publik Broward County.
Paran	Office of Academics <a href="http://www.browardschools.com">http://www.browardschools.com</a>	(Klike sou Academics – Akademik- anlè paj-la). Broward County Public Schools (BCPS) se sisyèm distri ki pi gran nan nasyon an epi se dezyèm distri ki pi gran nan Leta Florid.
Paran	National Clearinghouse for English Language Acquisition <a href="https://ncela.ed.gov/">https://ncela.ed.gov/</a>	NCELA kolekte, kowòdone epi kominike divès travo rechèch ak resous pou ankouraje mizanplas metòd enklizyon ki bay elèv ELLs yon bon kalite edikasyon.
Paran	Florida Department of Education – Depatman Edikasyon Florid <a href="http://www.fl doe.org/">http://www.fl doe.org/</a>	Depatman Edikasyon sèvi kòm yon achiv santral ki kolekte done ak referans pou sa ki konsène edikasyon. Distri eskolè, kolèj Leta ak kolèj kominotè, inivèsite ak enstitisyon apre lekòl segondè ki endependan voye enfòmasyon ak dokiman-yo.
Paran	Center for Applied Linguistics <a href="http://www.cal.org">http://www.cal.org</a>	The Center for Applied Linguistics – Sant lengwistik Aplike se yon òganizasyon non likratif, ki pwomote aksè, ekite, ak konpreyansyon mityèl ant diferan moun nan lemond kote gen divèsite sou plan lengwistik e kiltirèl.
Paran	Achieve the Core <a href="https://achievethecore.org/">https://achievethecore.org/</a>	Student Achievement Partners se yon òganizasyon non likratif ki pran angajman amelyore rannman elèv klas K-12 omwayen aksyon ak inisyativ efikas.
Paran	Follett eBook * <a href="https://www.browardschools.com/Page/38633">https://www.browardschools.com/Page/38633</a>	Follett se pi gwo founisè materyèl edikatif ak solisyon teknolojik pou klas Preskolè-12, materyèl ki disponib nan bibliyotèk, saldeklas, sant aprantisay ak lekòl. Follett distribye liv, materyèl referans, resous dijital, liv elektwonnik (ebooks) ak materyèl odyovizyèl.
App	Duolingo <a href="http://www.duolingo.com">http://www.duolingo.com</a>	Yon app pou aprantisay langaj ki entegre pale, koute, li ak ekri, epi app-la poste foto ak odyo pou asire kontni ak sijè-yo konpreyansib. App la gratis.
App	Bitsboard <a href="http://bitsboard.com/">http://bitsboard.com/</a>	Bèl foto ak mo vokabilè klase nan diferan kategori. Bitsboard gen jwèt tankou Memory, Bingo, ak anpil lòt jwèt.
App	FlipGrid <a href="https://flipgrid.com/">https://flipgrid.com/</a>	FlipGrid bay elèv-yo posiblite fè tande vwa-yo epi fasilité devlopman konpreyansyon mityèl grasa metòd aprantisay ki pataje, istwa ak pèspektiv.
App	Chatterpix <a href="http://www.duckduckmoose.com/">http://www.duckduckmoose.com/</a>	Yon resous entèaktif, amizan, itilize pou kreye imaj ak foto ki vin anime. Egzanp, elèv-yo ka trase yon liy pou fòme yon bouch epi ajoute vwa-yo pou fè chak pèsonnaj vin anime.
App	Skitch <a href="https://evernote.com/products/skitch">https://evernote.com/products/skitch</a>	Yon app desen ki kite elèv-yo pran foto oswa kapti ekran (screenshot) epi ki kite elèv-yo ekri dirèkteman sou foto oswa kapti ekran.
K-12	Khan Academy <a href="https://www.khanacademy.org/">https://www.khanacademy.org/</a>	Ekspé nan Khan Academy devlope kontni fyab, lesón ak egzésis alien ak nòm pou sijè matematik klas K-12 rive klas debi kolèj, gramè, syans, istwa, AP®, SAT®, ak piplis ankò. Elèv-yo aprann nan tan pa-yo, konble lakin-yo epi akselere aprantisaj-yo.

\* Ou pral bezwen Nimewo kat idantifikasiyon elèv ak modpas (Requires Broward Student ID & Password)